# KISA KI DEFANS ENTERÈ PASYAN YO?



**Avoka Pasyan yo: Moun k ap chèche aprann plis sou kansè nan tete lobilè yo pou:**

| | |
|---|---|
| Ede nan rechèch avanse yo | Defans nan Rechèch |
| Ede nan edike lòt moun | Defans nan Edikasyon |

## Ou vle vin yon defansè poupasyan yo?

Vizite pajsitwèb defans LBCA yo.

Defans nan Rechèch

Defans nan Edikasyon

***Vizite sitwèb LBCA pou plis enfòmasyon, resous, ak pou aprann sou volontè yo.***

***lobularbreastcancer.org***

# PIBLIKASYON ITIL

Klike sou lyen an oswa eskane kòd QR a pou li atik la

- **Kansè nan Tete Lobilè: Yon revizyon konplè ak Enfòmasyon translasyonèl yo.**
- **Karakteristik kliniko Patolojik ak Rezilta Konparatif Pasyan ki Atenn Cansè nan Tete Kanalè Lobilè Envazif.**
- **Kansè Lobilè Envazif nan Tete: Ogmantasyon enpòtan nan Kwasans nan sou tip patikilye yo.**

***Vizite Bibliyotèk Piblikasyon LBCA***

*lobularbreastcancer.org/ilc-publications-library*

*Bwochi sa a te elabore sou direksyon Konsèy Syantifik LBCA a epi avèk opinyon defansè dwa pasyan yo.*



# ENFÒMASYON SOU KANSÈ NAN TETE LOBILÈ



LBCA® Lobular Breast Cancer Alliance

***Nou espere yon monn kote kansè nan tete lobilè yo detekte bonè, epi trete avèk efikasite, epi elimine yo definitivman.***

# KISA KANSÈ NAN TETE LOBILÈ YE?

**Yo konnen l tou kòm Kansè Lobilè Envazif (ILC), li se 2yèm soutip kansè nan tete ki pi komen apre kansè kanalè envazif (IDC).**

**Apeprè 15% nan tout kansè nan tete yo dyagnostike Ozetazini chak ane yo se lobilè.**

- ILC li jeneralman pozitif nan reseptè òmonal yo (>90% nan ka yo).
- Timè lobilè metastaz yo pi souvan nan fwa a, poumon, ak zo, men yo ka tou metastaze nan sit mwens komen yo tankou aparèy gastwoentestinal, òvèj, oswa pawa nan sèvo a (leptomeninges).
- Malgre yon pronostik jeneralman favorab, kèk etid sijere yon ogmantasyon risk an reta (apre 5 ane)
- Plis rechèch nesesè pou konprann faktè rechite ak rezistans terapi yo.

## DEMOGRAFI ILC*

* Sous: NCI SEER-22. 2016-2020.

### Laj/Sèks

Pifò dyagnostik ILC rive kay fanm ki gen plis pase 60 an

### Ras/Etnisite

73% nan dyagnostik ILC yo konsène blan ki pa non Espanyòl

12% se Espanyòl

9% se nwa ki pa Espanyòl

5% Azyatik non Espanyòl Moun zile Pasifik yo



# SOU YON MIKWOSKOP

| Selil Timoral ILC | VS. | Selil Timoral IDC |
|---|---|---|
| Selil yo devlope nan yon fòmasyon inik | | Selil yo regwoupe ansanm an "mas" |




# EGZAMEN AK TRETMAN

### Egzamen

Paske li pa fòme jeneralman yon boul, kansè lobilè envazif la kapab difisil pou detekte sou yon imajri

- ILC yo souvan jwenn li pi gwo lè timè a deja 2 cm, epi li enplike nan gangliyon lenfatik axilè yo (nan koud men an).
- Poko gen yon direktiv espesifik pou detekte pi bonè, oswa tès depistaj pou timè ILC ki repete yo.

### Tretman

Òmono terapi rekòmande pou pasyan pre ak pòs monopoz yo ki atenn yon ILC reseptè òmòn pozitif

- Medikaman awomat ak taksomifèn itilize pi souvan.
- Chimyoterapi ka benefik pou kèk pasyan ki atenn ILC, men gen rechèch kontinyèl ki detèmine kilè li pi efikas pou moun ki gen maladi reseptè òmònal pozitif nan yon nivo prekòs.

***Tout moun diferan. Diskite sou opsyon imajri w ak tretman ak ekip swen w lan.***

# KISA KI ALYANS KONT KANSÈ NAN TETE LOBILÈ?

**LBCA se yon òganizasyon nasyonal san bi likratif ki te fonde epi gide ak pasyan yo pou adrese mank enfòmasyon ak rechèch sou ILC.**

- LBCA gide ak yon konsèy konsiltatif klinisyen entènasyonal ak chèchè ki gen ekspètiz nan ILC.
- LBCA bay enfòmasyon konplè sou ILC atravè dokiman ak webinars.
- LBCA ede moun ak syantis yo travay ansanm sou defans ak rechèch ILC.

# RESOUS LBCA

**LBCA dispoze resous pou ede w pale ak ekip swen w lan ak plis ankò.**

- Kesyon pou Doktè mwen an*
- Fich Enfòmasyon ILC*
- Kesyon yo poze souvan (FAQs)*
- Enfòmasyon sou Metastatik ILC*
- Istwa ILC
- Videyo Edikasyonèl
- Enfòmasyon sou Etid Klinik ki Louvri nan ILC
- Sipò pou pasyan ki atenn kansè nan tete

**disponib nan 15 lang*

***Eskane isit la***
**pou vizite Paj Resous LBC**

**lobularbreastcancer.org/resources**